



Vil Boston
Majistra Kim Janey
Kabinè Ekite ak Enklizyon

MAJISTRA JANNEY BAY YON SIBVANSYON \$1 MILYON DOLA POU FANMI KI PA ELIJIB POU RESEVWA SEKOU FEDERAL DIRÈK POU COVID-19

Fanmi yo kapab aplike pou jiska \$1000 èd lajan kach

BOSTON - Majistra Kim Janey, Kabinè Ekite ak Enklizyon Vil Boston (City of Boston Equity and Inclusion Cabinet) ansanm ak Biwo Majistra a pou Avansman Imigran (Mayor's Office for Immigrant Advancement) ap bay \$1 milyon dola bay Kooperativ Imigran Massachusetts (Massachusetts Immigrant Collaborative, MIC) pou sipòte rezidan Boston yo ki pa te elijib pou resevwa benefis sekou federal pou COVID-19 yo. MIC pral distribye fon yo antanke èd lajan kach bay fanmi ki gen bezwen, kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon yo.

“Ekite ak enklizyon pou vwazen imigran nou yo se yon valè fondamantal administrasyon mwen. Pandan pandemi COVID-19 la, sèten pami rezidan ki pi vilnerab nan Vil nou an, anpil nan yo travayè esansyèl, pa’t ka resevwa èd yo te bezwen nan men leta federal,” Majistra Kim Janey deklare. “Sipò finansye sa a ede nou travay pou reyalize yon redrèsman ekonomik ki san paspouki.”

Fon yo soti nan lajan federal Vil Boston te resevwa nan kad Lwa Plan Sekou Ameriken (American Rescue Plan Act, ARPA) pou aktivite redrèsman ekonomik kowonovaris yo. Fwaye Boston yo ki elijib kapab aplike pou jiska \$1000 èd lajan kach jiskaske pa rete finansman ankò. Anviwon 1200 fwaye ki gen bezwen pral benefisyé de sibvansyon sekou pou pandemi sa a.

“Poutèt pandemi a, gen sèten fwaye k ap goumen pou peye lwaye, achte manje, e retounen al travay. Pandan n ap travay pou garanti yon repriz san paspouki, fòk nou asire nou ke inegalite ekonomik yo pap elaji lè nou ede fanmi yo jwenn sa yo bezwen”, Chèf Ekite ak Enklizyon Celina Barrios-Millner deklare.

“Kooperativ Imigran Massachusetts la ap ede fanmi imigran yo dirèkteman depi kòmansman pandemi sa a gras a asistans lajan kach an ijans, manje ak sèvis. Anplwaye nou yo wè ak pwòp zye yo difikilte ak kouraj fanmi imigran yo. Nou rekonesan anpil a Majistra Janey ak Vil Boston pou resous sa yo ki disponib pou ede



Vil Boston
Majistra Kim Janey
Kabinè Ekite ak Enklizyon

fanmi yo pandan peryòd kritik sa a”, manm Komisyon Direksyon MIC Patricia Sobalvarro, Natalicia Tracy ak Ronnie Millar di nou.

MIC pral evalye aplikasyon yo e ap akòde fon yo apati de rezidans Boston, revni fwaye, aksè nan federal federal sekou pou COVID-19 yo ak difikilte finansye. Yo pral distribye èd lajan kach la an pwopòsyon ak sitiayson ekonomik moun k'ap aplike a. Pou mande yon aplikasyon, rele (617) 804-0887 oubyen voye yon imèl bay Mia Smith nan msmith@riancenter.org.

Konsènan Kabinè Ekite ak Enklizyon an

Kabinè Ekite ak Enklizyon an ap travay aktivman pou aliyen plan ak politik Vil la atravè yon pèspektivinifye sou ekite, kote li detwi politik sistemik ak obstak pwosesis ki frenen avansman. Kabinè a planifye etabli chanjman enstitisyonèl, alafwa andedan ak andeyò Meri a, gras a patenarya lokal ak nasyonal.

Konsènan Biwo Majistra a pou Avansman Imigran

Biwo Majistra pou Avansman Imigran (Mayor's Office for Immigrant Advancement, MOIA) fè efò pou ranfòse kapasite imigran pou yo ka patisipe konplètman e nan yon fason ki ekitab nan lavi ekonomik, sivik, sosyal ak kiltirèl nan Boston. MOIA ankouraje rekonesans ak konsyan piblik o sijè kontribisyon imigran yo nan Vil la. Pou jwenn plis enfòmasyon, al gade nan boston.gov/immigrants.

Konsènan Kolaborativ Imigran Massachusetts

Kooperativ Imigran Massachusetts (MIC) la se yon gwoup divès ki gen 15 òganizasyon ki bay imigran sipò e ki fòme pandan pandemi a pou bay fanmi imigran ki pi vilnerab nan Massachusetts yo sekou ann ijans. Òganizasyon asosye yo ki lokalize nan Boston se: Agencia ALPHA, Boston Chinatown Neighborhood Center (BCNC), Boston International Newcomers Academy (BINCA), Brazilian Worker Center, Caribbean Youth Club, Centro Presente, Dudley Street Neighborhood Initiative, ICNA Relief, Immigrant Family Services Institute (IFSI), Rian Immigrant Center ak Sociedad Latina.

###